Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU LIMEN MONIMAN ISTORIK ETA NOUYÒK YO POU RANN OMAJ A LEJANN MIZIK COUNTRY AK FILANTWÒP DOLLY PARTON

Yo pral limen disèt moniman istorik an woz nan tout eta a aswè a, 27 out

Depatman Transpò a pral afiche mesaj sekirite ki gen tèm Dolly sou otowout eta yo jedi ak vandredi

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo pral limen 17 moniman istorik atravè Eta Nouyòk an woz aswè a, jedi 27 out, pou onore lavi ak eritaj Dolly Parton, yon lejann mizik country ki te fè filantwopi pandan tout lavi li, ki te mouri madi 25 out a laj 80 an. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta Nouyòk la pral afiche tou mesaj sekirite ki gen tèm Dolly sou pano mesaj varyab sou otowout eta yo, soti jodi a rive vandredi 28 out. Mesaj sa yo gen ladan yo: "JOLENE, JOLENE, JOLENE, PA DEPASE LIMIT VITÈS LA" ak "M AP TOUJOU RENMEN KONDWI AN SEKIRITE."

"Nouyòk santi li onore pou retounen bay Dolly Parton lanmou li te toujou montre nou an," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Yon vwa ki te chofe nanm moun ak yon limyè lespwa pou plizyè milyon moun atravè lemond, n ap toujou sonje Dolly pou jenewozite ekstraòdinè li ak angajman imanitè li. Li te pase tout lavi l ap rann kominote ki nan bezwen yo sèvis, epi karyè lejandè li a te fè mond lan vin yon kote ki gen plis lespwa — Dolly ap manke nou, epi n ap komemore lanmou ak limyè li pandan Nouyòk ap limen an woz nan lonè li."

Men 17 moniman istorik atravè Nouyòk ki pral klere an woz:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson

- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

Pandan karyè li kòm chantè-konpozitè mizik country ak aktris ki te dire sis deseni, Dolly Parton te soutni timoun ak kominote yo, epi li te bati yon eritaj filantwopi. Don li yo te ede finanse rechèch nan domèn swen sante, bay èd apre katastwòf toupatou nan peyi a epi ofri plis pase 330 milyon liv gratis atravè lemond nan kad Imagination Library li a — yon pwogram mondyal kado liv ki bay timoun nan zòn patisipan yo liv gratis depi nesans yo jiskaske yo kòmanse lekòl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.